Nama :

No :

SOAL PSAS BAHASA JAWA

KD 3.1 Memahami teks deskriptif tentang kegiatan di sekolah dan di rumah.
Wenehana tandha ping (X) ing aksara A, B, utawa C kang nuduhake wangsulan bener ing lembar wangsulan kang cumawis!
Wacanen kanthi permati kanggo nggarap pitakonan nomer 1-3!

Upacara Bendera

Saben dina Senen ing sekolahan diadani upacara. Kegiatan kasebut wajib ditindakake kabeh warga sekolah. Peserta upacara nganggo sragam kang wis ditemtokake. Para siswa nganggo sragam abang putih lan bapak ibu guru nganggo sragam rupane coklat. Upacara diwiwiti sakwise bel sekolah diunekake yaiku watara jam pitu esuk. Petugas saka siswa kelas papat. Para petugas wis siap ing papane dhewe-dhewe.

Dina Senen iki kang kajibah minangka pembina upacara yaiku Ibu Rahayu. Nalika pembina upacara maos teks Pancasila para peserta padha nirokake. Sawise iku pembina upacara banjur paring amanat. Amanate ana telu yaiku kaping siji supaya para siswa sregep anggone sinau. Kaping pindho supaya siswa njaga karesikane lingkungan sekolah. Menawa mbuwang uwuh yaing pawuhan. Kaping telu kudu nerapake unggah ungguh karo sapa wae. Upacara rampung jam setengah wolu.

(Sumber: Ajar Basa Jawa)

1. Petugas upacara bendera yaiku siswa kelas ....
   A. papat
   B. lima
   C. enem

2. Pembina upacara maos teks Pancasila ditirokake dening ....
   A. para guru
   B. para siswa
   C. para peserta

3. Gatekna ukara iki!
   1) Siswa sregep anggone sinau.
   2) Siswa kudu akur karo kancane.
   3) Siswa kudu njaga karesikane lingkungan sekolah.
   4) Siswa kudu njaga karesikane lingkungan omah.
   Ukara kang kalebu amanat pembina upacara yaiku nomer ....
   A. (1) lan (3)
   B. (2) lan (3)
   C. (2) lan (4)

Wacanen kanthi permati kanggo mangsuli pitakon nomer 4-5!

Kegiatan Sawise Sekolah

Sawise sekolah, Supri duwe kegiyatan werna-werna. Kegiatane Supri yaiku ngrumat tanduran ing kebon. Kebone Supri ditanduri tanduran werna-werna. Ana tanduran warung hidup lan apotek hidup. Warung hidup yaiku tanduran janganan, kayata bayem, buncis, mbayung, lan tomat. Dene apotek hidup yaiku tanduran obat, tuladhane yaiku jahe, kunir, kunci, kencur, lan temu lawak. Apotek hidup uga diarani empon-empon.

4. Kegiatane Supri sakwise sekolah yaiku ngrumat ... ing kebon.
   A. kewan
   B. warung
   C. tanduran

5. Tanduran kang kalebu apotek hidup yaiku ....
   A. kencur
   B. buncis
   C. mbayung

6. Wingi sore wedhuse Supri lagi wae manak. Anak wedhus jenenge ....

Wacanen kanthi patitis, wacan iki kanggo nomer 7 !

Kegiatan Senam ing Sekolah

Saben dina Jemuah ing sekolahane Wawan ana kegiatan senam. Tujuane kegiatan senam yaiku supaya warga sekolah padha sehat. Jam pitu esuk bel sekolah wis muni. Bocah kelas siji tekan enem padha baris ing latar. Saben kelas dipimpin ketua kelase dhewe-dhewe. Anggone baris padha tertib lan rapi. Siswa lan guru nindakake senam bebarengan.

7. Tujuane senam saben dina Jemuah ing sekolahane Wawan yaiku ....

KD 3.2 Memahami tembang macapat Pocung, cangkriman, dan geguritan.
Wenehana tandha ping (X) ing aksara A, B, utawa C kang nuduhake wangsulan bener ing lembar wangsulan kang cumawis!
Gatekna tembang iki kanggo mangsuli pitakon nomer 8-11!

Bapak pocung cangkemmu madhep mandhuwur
Sabamu ing sendang
Pencokanmu lambung kering
Prapteng wisma si pocung muntah guwaya

8. Jinising tembang macapat kasebut yaiku ....
   A. Sinom
   B. Pocung
   C. Kinanthi

9. Guru wilangan lan guru lagu gatra katelu tembang macapat kasebut yaiku ....
   A. 8a
   B. 8i
   C. 8u

10. Tembung **wisma** ing tembang kasebut tegese ....
    A. omah
    B. latar
    C. kali

11. Cangkriman ing tembang kasebut bedhekane ....
    A. kwali
    B. kendhi
    C. klenting

12. Sendang kuwi papan kanggo golek ....
    A. geni
    B. angin
    C. banyu

Yen lumampah si Pocung lembehan ....
Tembung kang trep kanggo nggenepi tembang macapat kasebut yaiku ....

14. Gatekna gambar iki!

Cangkriman kang trep kanggo gambar kasebut yaiku ....

KD 3.3 Memahami wayang (anak-anak Pandhawa) lan etungan.
Wenehana tandha ping (X) ing aksara A, B, utawa C kang nuduhake wangsulan bener ing lembar wangsulan kang cumawis!

15. Raden Werkudara iku putra Prabu Pandu Dewata kang nomor loro. Gada Rujakpolo lan kuku pancanaka gamane. Kang nduweni watak kendel lan bekti marang gurune. Raden Werkudara satriya ing ....
    A. Amarta
    B. Jodhipati
    C. Bumiretawu

16. Gatekna gambar kasebut!

Gambar wayang kasebut arane ....
A. Werkudara
B. Yudhistira
C. Nakula

17. Salah sijining putra Pandhawa iki duwe gaman kang aran panah pasopati lan keris pulanggeni. Kasatriane ing Madukara. Satriya iki panengah Pandhawa kang duwe jeneng liya Permadi.
    Satriya kasebut yaiku ....
    A. Raden Gathutkaca
    B. Raden Sadewa
    C. Raden Arjuna

4) Raden Dursala
5) Raden Wisanggeni

Miturut pratelan kasebut, kang kalebu Kurawa yaiku nomer ....
A. (1), (3), lan (4)
B. (2), (3), lan (4)
C. (3), (4), lan (5)

19. Gatekna gambar kasebut!

Satriya ing gambar, kagungan ibu asmane ....
A. Dewi Madrim
B. Dewi Kunthi
C. Dewi Drupadi

20. Pambarepe Pandhawa arane Raden Puntadewa. Kagungan jeneng liya arane Yudhistira. Satriya ing Amarta.
    Pusakane Raden Puntadewa yaiku ....

21. Gatekna gambar iki!

Wayang kasebut arane ....

22. Putra Raden Janaka lan Dewi Warasembadra arane Raden Abimanyu utawa Angka Wijaya. Raden Abimanyu kagungan garwa arane Dewi Utari. Raden Abimanyu satriya kang sekti mandraguna.
    Raden Abimanyu iku satriya ing ....

LIVEWORKSHEETS

KD 3.4 Memahami unggah-ungguh basa untuk menyampaikan permintaan dan terima kasih kepada orang lain.

Wenehana tandha ping (X) ing aksara A, B, utawa C kang nuduhake wangsulan bener ing lembar wangsulan kang cumawis!

23. Gatekna gambar iki!

Miturut gambar, bocah kasebut becike matur ....
A. matur nuwun
B. nyuwun sewu
C. kula nuwun

24. "Bawa, menawa metu saka omah nganggo masker!"
Ukara kasebut klebu ukara ...
A. pitakon
B. pakon
C. tanggap

25. Gatekna gambar iki !

Apa atur sing bener miturut gambar kasebut?
A. Ndherek tindhak Pak.
B. Ndherek langkung Pak.
C. Ndherek matur Pak.

26. Niken : ...
Simbah : "Simbah digawekake nasgithel wae !"
Niken : "Menika mbah, unjukanipun !"
Ukara kang trep kanggo nggenepi pacelathon yaiku ...
A. "Simbah badhe ngombe menapa?"
B. "Simbah ngersakaken mimik menapa?"
C. "Simbah ngersakaken ngunjuk menapa?"

27. Bambang ngilangke bukune Basa Jawa Bima.
Bambang kudu enggal njaluk ... marang Bima.
A. pangapura
B. sewu
C. pamit

28. ... kabare adhimu?.
Tembung kang trep kanggo ngganepi ukara kasebut yaiku ....

29. Nalika kowe matur marang bapak lan ibu becike nganggo basa ....
Tembung kang trep kanggo ngganepi ukara kasebut yaiku ....

30. Bawa lan Bayu ***nggawa*** uba rampe kanggo kemah ing gunung.
Basa kramane tembung nggawa yaiku ....

LIVEWORKSHEETS